

ENSTRIKSYON SOU PWOPRIYETE PESONÈL

Lè W ap Ranpli Fòm pou Anrejistreman an:

- Egzamine enfòmasyon sou nivo pwopriyete a; si nimewo adrès ou oswa nimewo bilding ou an ak nimewo teren w lan pa kòrèk, kontakte HPD imedyatman. **Pa remèt Fòm nan.**
- Egzamine tout enfòmasyon ki tou enprime sou Fòm nan.
- Ou dwe ekri nouvo enfòmasyon yo sou liy blanch ki anba enfòmasyon ki la deja yo pou endike chanjman yo. Ou dwe pase yon trè sou ansyen enfòmasyon yo.
- Ajoute enfòmasyon ki manke yo nan kare blan an, li enstriksyon yo pou w asire w ou ranpli tout chan ou dwe ranpli yo nòmalmman.
- Yo pa aksepte Bwat Postal oswa adrès sèvis postal.

Ou dwe ranpli Tout Seksyon ki nan Fòm sa a sof si enstriksyon yo di ou pa bezwen mete enfòmasyon yo espesyalman.

Section 1: PA APLIKAB

Section 2: HPD gen tip pwopriyete a kòm Pwopriyete Pèsonèl. Pou chanje tip pwopriyete a (pa egzanp, si bilding nan se pou yon Sosyete kounyeya oswa yon LLC oswa yon Pwopriyete an komen (de (2) moun), tanpri mande HPD yon nouvo Fòm Anrejistreman – **PA UTILIZE FÒM TIDS LA.** Gade enstriksyon anba paj kouvèti a pou jwenn enfòmasyon konsènan fason pou ou jwenn yon nouvo Fòm.

Seksyon 3: PWOPRIYETE PÈSONÈL - HPD kapab voye kourye ofisyèl ba ou nan adrès komèsyal ou bay nan sekasyon sa a. Tanpri, konnen adrès komèsyal la se kote ou fè aktivite ki konsène pwopriyete sa a. Adrès Bwat Postal oswa sèvis postal pa adrès komèsyal valab.

Seksyon 4: ÈSKE MOUN KI NAN SEKSYON 3 A SE LI KI AJAN JESYON PWOPRIYETE KI DEKRI PI WO A? Tout pwopriyete yo dwe gen Ajan Jesyon yo. Pwopriyete a chwazi yon Ajan pou sipèvize operasyon pwopriyete k ap anrejistre a. Si se ou ki Ajan an tou, Seksyon sa a dwe di WI. Si ou di "WI", ou kapab sote Seksyon 6 la epi ale nan Seksyon 7 la. Si ou chwazi yon lòt moun kòm Ajan Jesyon, tcheke "NON" epi ale nan Seksyon 6 la.

Seksyon 5: Seksyon sa a pa nesèsè pou Tip Pwopriyete ou ye a.

Seksyon 6: ENFÒMASYON SOU AJAN AN (Nesesè si repons pou Seksyon 4 la se "NON"). Yon Ajan Jesyon se yon moun Pwopriyete a chwazi pou sipèvize operasyon pwopriyete k ap anrejistre a. Ajan Jesyon an dwe gen yon adrès biwo oswa adrès rezidansyèl nan Vil New York (yon Bwat Postal oswa yon adrès sèvis postal pa yon adrès akseptab) epi Ajan an dwe gen 21 lane pou pi piti. Bay Non ak Nimewo ID TAKS Konpayi sèlman si se yon konpayi jesyon oswa yon konpayi ajan imobilye ki anplwaye Ajan Jesyon an. Ajan Jesyon an ap resevwa avi plent ak lòt avi kon sa nan men HPD pa imel si gen yon adrès imel nan dosye a.

Seksyon 7: ENFÒMASYON KONSÈNAN JESYON SIT LA - Antre non ak nimewo telefòn Moun ki Responsab la (sipèrentandan, direktè bilding) ki disponib pou sizanka gen yon ijans konsènan pwopriyete sa a.

Seksyon 8: ÈSKE SE YON SÈL MOUN, YON SOSYETE OSWA YON PATENARYA/LLC KI LWE TOUT PWOPRIYETE A? Si se yon sèl Moun, yon Sosyete oswa yon Patenarya/LLC ki lwe tout pwopriyete a, tcheke "WI" epi ale nan Seksyon 9 la. Kesyon sa a konsène yon sèl lokasyon pou tout pwopriyete a epi li pa konsène lwaye grenn apatman. Si se pa sa, tcheke "NON" epi ale nan Seksyon 10 la.

Seksyon 9: ENFÒMASYON SOU LOKATÈ A (Si repons pou Seksyon 8 la se "NON", kite Seksyon sa a vid). Antre enfòmasyon konsènan Sosyete, oswa Patenarya/LLC a (si sa nesèsè) ak/oswa moun k ap lwe tout pwopriyete a.

Seksyon 10: NIMEWO TELEFÒN KONFIDANSYÈL 24/24 - Antre non ak nimewo telefòn konfidansyèl 24/24 (nan zòn metwopolitèn NYC a) Pwopriyete a oswa Moun ki Responsab yo kapab kontakte sizanka gen yon ijans konsènan pwopriyete sa a. Kontak 24/24 la ap resevwa avi nan men HPD pa imel si gen yon adrès imel nan dosye a. Kòd rejyonal ki otorize yo se: 201, 203, 212, 215, 347, 516, 585, 609, 610, 631, 646, 716, 717, 718, 732, 800, 845, 862, 877, 887, 908, 014, 017, 973, ak 978.

Seksyon 11: SIYATI AJAN JESYON AN - Ajan jesyon ki site nan Seksyon 6 la dwe siyen epi date fòm sa a. Siyati orijinal obligatwa.

Seksyon 12: SIYATI PWOPRIYETÈ - Pwopriyete ki site nan Seksyon an dwe siyen epi date fòm sa a. Si ou gen Delegasyon Pouvwa Pwopriyete a epi se ou k ap siyen pou Pwopriyete a, yon kopi notarye Delegasyon Pouvwa a dwe akonpaye Fòm Anrejistreman Pwopriyete a. Endike a ki tit Pwopriyete a ap siyen. Siyati orijinal obligatwa.

**NI PWOPRIYETÈ A NI AJAN JESYON AN DWE SIYEN EPI DATE FÒM TIDS LA.
FOTOKOPI SIYATI AK DAT PA VALAB.**

Seksyon 13: KOWÒDINATÈ RESIKLAJ

Depatman Sanitè a ap chache mwayen pou distribiye avi konsènan prensip ki pa respekte ak enfòmasyon sou fòmasyon konsènan resiklaj rezidansyèl pa mwayen imel. W ap resevwa imel de (2) fwa sèlman pa ane. Tanpri bay non ak adrès moun ki apwopriye a.

Seksyon 14: LWA LOKAL 1

Lwa Lokal 1 ane 2004 la mande pou pwopriyete ki gen plis pase 3 apatman rezidansyèl ki te bati avan 1960 fè aktivite ki konsène penti abaz plon. Tanpri reponn Wi oswa Non pou kesyon ki nan Seksyon sa a.

ERÈ YO FÈ SOUVAN NAN ANREJISTREMAN:

- Voye peman an bay HPD ansanm ak fòm nan: Sa ap retade tretman fòm ou an, paske HPD pa resevwa peman Frè Anrejistreman Pwopriyete. Tanpri voye peman an nan Depatman Finans (DOF) dirèkteman.
- Pa bay tout adrès yo: Ou dwe bay adrès rezidansyèl ak adrès komèsyal ak nimewo telefòn pou tout moun ki site nan Seksyon 5 ak 6 la. Adrès komèsyal la ka menm ak adrès rezidansyèl la (men ou dwe ekri l okonplè nan kare yo) si aktivite ki gen rapò ak pwopriyete a fèt nan adrès rezidansyèl la.
- Siyati nan Seksyon 11 ak 12 yo pa koresponn ak moun ki site nan seksyon Pwopriyete Pèsonèl la (Seksyon 3) epi seksyon Ajan Jesyon an (Seksyon 6) nan fòm nan.
- Pa gen dat ekri bò chak siyati.
- Adrès komèsyal Ajan Jesyon an pa twouve l nan NYC: Lalwa mande pou Ajan Jesyon an gen yon adrès komèsyal nan NYC.